**दिन—गुरूवार** **दिनांक—17.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि एक दिवसीय दौरा पर मोतिहारी आबि रहल छथि। श्री मोदी एहि बीच सात हजार दू सय सत्रह करोड़ टाकाक लागतबला कतेको विकास परियोजनाक उद्घाटन, शिलान्यास आओर लोकार्पण करताह। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे श्री मोदी पीएम आवास योजना ग्रामीण मे चालीस हजार लाभार्थी सभक बैंक खाता मे एक सय बासठि करोड़ टाका सँ बेसीक राशि देताह। संगहि ओ बारह हजार लाभार्थी सभ के नव बनल घरक चाभी सौपताह। प्रधानमंत्री चारि नव अमृत भारत एक्सप्रेस ट्रेनक परिचालन सेहो शुरू करताह। एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे प्रधानमंत्री मोतिहारी मे एक जनसभा के सेहो संबोधित करताह। प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के लऽकऽ तैयारी अंतिम चरण मे अछि। जिला प्रशासन कार्यक्रम स्थल आओर लऽग—पासक क्षेत्र मे सुरक्षा—व्यवस्था बढ़ा देलक अछि। प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के देखैत भारत—नेपाल सीमाक आइ सँ दू दिन धरि सील कऽ देल गेल अछि। एहि बीच, वाहनक आवाजाही नहि कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे जुलाई मास सँ राज्यक सभ घरेलू उपभोक्ता सभ के एक सय पचीस यूनिट धरि निःशुल्क बिजली भेटत। श्री कुमार सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे एहि सँ प्रदेशक एक करोड़ सड़सठि लाख परिवार सभ के फायदा होयत। एम्हर, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ई योजनाक विस्तार सँ जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे एहि सँ राज्यक उपभोक्ता सभ के एक अगस्त दू हजार पच्चीस सँ लाभ भेटय लागत। जुलाई मासक बिल सँ एक सय पच्चीस यूनिट धरि बिजली खर्चा फ्री भऽ जायत। श्री चौधरी जनौलनि जे अगिला तीन बरख मे सभ घरेलू उपभोक्ता सभ सँ विचार कऽ हुनक घरक छत या लऽग—पासक सार्वजनिक स्थल पर सौर ऊर्जा संयंत्र सेहो लगाओल जायत। संगहि, कुटीर ज्योति योजना मे बेसी गरीब परिवार सभ लेल सौर ऊर्जा संयंत्र लगेबाक पूरा खर्च राज्य सरकार देत।

---

राज्य मे बिजलीक घरेलू उपभोक्ता सभ के एक सय पच्चीस यूनिट बिजली फ्री देल जयबाक सरकारक घोषणा पर प्रतिक्रियाक दौर शुरू भऽ गेल अछि। उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा एहि के गरीबक हित मे लेल गेल एक एतिहासिक निर्णय जनौलनि अछि। जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा ई निर्णय के क्रांतिकारी जनबैत जनौलनि जे एहि सँ गरीब अओर कमजोर वर्गक लोक सभ के बेसी फायदा होयत। ओतहि, राजद एहि के चुनावी स्टंट जनौलक अछि। राष्ट्रीय जनता दलक प्रवक्ता शक्ति यादव जनौलनि जे विपक्षक दबाव मे सरकार फ्री बिजली देबाक निर्णय कयलक अछि।

---

केन्द्रीय कृषि आओर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि अछि जे केन्द्र सरकार किसान सभक आर्थिक विकास लेल कृत संकल्पित अछि। श्री सिंह समस्तीपुर मे डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद केन्द्रीय विश्वविद्यालयक चारिम दीक्षांत समारोह के संबोधित करैत जनौलनि जे प्रधानमंत्री धन–धान्य कृषि योजना के कैबिनेटक स्वीकृती भेटल अछि। ई योजना सँ बिहारक सभ सँ कम उपजाबाला पिछड़ल जिला के चुनि कऽ ओकर विकासक काज कयल जायत। श्री सिंह जनौलनि जे मिथिलांचलक मखान आओर लीची आइ पूरा विश्व मे अपन पहिचान बना लेलक अछि। ओ जनौलनि जे मखान बोर्डक माध्यम सँ किसान सभ के बेसी लाभ भऽ रहल छनि।

---

एहि मौका पर केन्द्रीय कृषि आओर किसान कल्याण राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुर, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, राज्य सरकारक मंत्री महेश्वर हजारी सांसद शांभवी चौधरी आओर विश्वविद्यालयक कुलपति डॉक्टर पी.एस. पांडेय सहित कतेको पैघ–पैघ लोक सभ छलाह।

---

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे दक्षिण–पश्चिम मॉनसूनक कारण मध्यम सँ भारी बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे गया, औरंगाबाद, कैमूर, रोहतास सहित दक्षिणी जिला कतेको ठाम झमाझम बरखा भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिन धरि राज्यक बेसी क्षेत्र मे बरखा भऽ सकैत अछि। विभाग आइ पश्चिम चंपारण, सीवान आओर गोपालगंज जिला मे कतेको ठाम भारी बरखा के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि बीच किछु ठाम ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे भऽ रहल बरखाक कारण दक्षिण बिहारक कतेको जिला मे बाढ़िक स्थिति बनि गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा, सोन, गंडक, बागमती, कोसी आओर महानंदा सहित राज्यक कतेको नदिक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। बागमती नदिक जलस्तर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे लाल निशान के पार कऽ गेल अछि। कोसी नदिक जलस्तर सुपौलक बसुआ, खगड़ियाक बलतारा आओर कटिहारक कुर्सेला मे चेतावनी स्तर के पार कऽ गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त